



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN PWOJÈ EFIKASITE ENÈJETIK YO NAN INIVÈSITE STONY BROOK LA

Pwojè a pral fè Ekonomize 832,000 Dola nan Depans Ènèji epi Redwi 3,800 Tòn Degajman Gaz a Efe Sèr yo Chak Ane, ki se Ekivalan si yo ta Retire 730 Machin sou Wout yo

Gran Pwojè Efikasite Enèjetik yo Sipòte Objektif Lidè nan Nasyon an Gouvènè Cuomo Genyen pou l Redwi Degajman Gaz a Efe Sèr yo a 40 Pousan avan 2030

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman yon pwojè global pou efikasite enèjetik nan Inivèsite Stony Brook (Stony Brook University) nan Konte Suffolk ki pral fè kanpis la ekonomize plis pase 832,000 dola nan depans anyèl pandan l ap redwi plis pase 3,800 tòn degajman gaz a efè sèr yo chak ane - ki se ekivalan si yo ta retire plis pase 730 machin sou wout yo. Pwojè a sipòte objektif Gouvènè Cuomo genyen pou l redwi degajman gaz a efè sèr yo a 40 pousan avan 2030, ki se yon eleman nan kad estrateji Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè a pou l konstwi yon sistèm enèji ki pwòp, rezistan ak abòdab toupatou nan eta a pou tout Nouyòkè.

“Nou ap pran mezi agresiv pou nou konbat chanjman klimatik nan kominote nou an yo toupatou nan eta a, epi pwojè efikasite enèjetik inovatè sa a yo se kle pou nou redwi depans yo ak redwi degajman gaz a efè sèr yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York alatèt mouvman itilizasyon enèji ki favorab a anviwonman nan peyi a, epi l ap lanse teknoloji enèji pwòp pou l pwoteje anviwonman nou an pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) an patenarya ak Inivèsite Eta New York la (State University of New York, SUNY) te finanse inisyativ 5.7 milyon dola sa a. Pwojè a te sipòte dirèkteman tou, pwogram BuildSmart NY la, ki mande pou yo fè amelyorasyon 20 pousan nan efikasite enèjetik nan bilding eta posede yo avan 2020. Amelyorasyon efikasite enèjetik yo gen ladan modènizasyon nan sistèm chofaj ak klimatizè nan sis bilding nan kanpis Stony Brook la, ki gen ladan enstalasyon yon

entèkoneksyon dlo glase ant bilding Sant medsin Molekilè ak bilding Syans Lavi inivèsite a.

Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la, te deklare, “Anba Gouvènè Cuomo, New York ap trase egzanp avèk bilding eta a yo, kote yo pran responsablite pou redwi degajman yo nan yon fason abòdab ak efikas pandan y ap redwi pri pou kontribiyab yo. Lè nou pran mezi sa yo, NYPA ak Inivèsite Stony Brook la ap montre kijan Refòm Vizyon Enèji a, oswa REV, ka konbat chanjman klimatik lè nou ede konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan ak pi abòdab”.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Jeneral NYPA, te deklare, “Nan kad efò eta ap fè pou l redwi anprent kabòn li ak itilizasyon enèji li, NYPA ap envesti anpil milyon dola nan mezi k ap fè ekonomize enèji nan bilding piblik yo chak ane. Mezi konpreyansif k ap fè ekonomize enèji sa yo nan Inivèsite Stony Brook la se senbòl objektif kouraje Gouvènè a genyen yo epi sa ap ede inivèsite a satisfè objektif li genyen pou l ekonomize sou depans enèji yo pandan l ap vin itilize enèji nan fason ki pi efikas”.

Rektè SUNY an Kristina M. Johnson, ki se ansyen Sekretè Adjwen Enèji a, te di, “SUNY te redwi degajman gaz a efè sèr li yo pa 27 pousan lè yo konpare l ak nivo 1990 yo, epi angajman l pran pou satisfè objektif Eta New York la yo ak Akò Klimatik Pari a yo gras a sipò ak lidèchip Gouvènè nou an ansanm ak NYPA ak kanpis nou yo, tankou Inivèsite Stony Brook la. Envestisman konsiderab sa a ap gen yon enpak a twa fasèt: redwi depans operasyonèl kanpis la yo ak anprent kabòn li, epi ogmante sansibilizasyon edikasyonèl pou lavi dirab”.

Doktè Samuel L. Stanley Jr., M.D., ki se Prezidan Inivèsite Stony Brook la, te di, “Inivèsite Stony Brook ap toujou chache mwayen pou yo agrandi pratik dirab nou yo, chache jwenn fason pou redwi depans, epi nan konsa vin pi respekte anviwonman jan sa posib. Avèk èd pwogram BuildSmart NY ak reyalizasyon estratejik Gouvènè a atravè zanmi nou yo NYPA a, inisyativ sa a pral reyalize ekonomi ak efikasite fonksyonman l yo ki pral yon enpak pozitif sou beefis nèt nou yo pou anpil k ap vini yo”.

Senatè Ken LaValle te di, “Mwen kontan anpil SUNY Stony Brook epi Otorite Enèji New York la te mete tèt ansanm pandan dènye ane ki sot pase yo pou fòmile yon plan efikas ki konpreyansif pou amelyore efikasite enèjetik, ekonomize sou depans yo ak redwi degajman yo. Rezilta yo pral atenn yo pral fè yo ekonomize sou depans yo epi amelyore anviwonman nou an. Teknik yo pral mete sou pye yo pral sèvi kòm modèl pou lòt enstitisyon toupatou atravè Eta New York la yo”.

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, di, “Amelyorasyon efikasite enèjetik nan bilding piblik nou yo se youn nan zouti ki pi pwisan nou genyen pou nou ka satisfè objektif eta gen pou l redwi degajman gaz a efè sèr k ap chofo klima nou an. Li rapid, bon mache, epi l ap fè ekonomize sou renovasyon efikasite enèjetik ki pral redwi depans enèji Inivèsite Stony Brook la nan yon fason konsiderab. Avèk asistans NYPA,

pwojè sa yo fenk fini la pral ede eta nou an reyalize objektif li sible pou gen 20 pousan amelyorasyon nan efikasite enèjetik nan bilding eta posede yo avan 2020”.

W ap wè videyo ki mete aksan sou pwojè efikasite enèjetik sa a, ak entèvyou yo, isit la: <https://youtu.be/aJ2cD9G959g>

W ap jwenn plis enfòmasyon sou [pwogram BuildSmart NY](#) Gouvènè a sou sitwèb NYPA a.

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi a se enèji idwo-elektrik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo gras a lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov Renmen nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 795 pousan kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan @Rev4NY.

###